

## Njagi Jati Diri lan Pusaka Luhur ing Zaman Modern

Oleh: Ahmad Saifullah

### Khutbah Awal

الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي أَنْعَمَ عَلَيْنَا بِنِعْمَةِ الإِيمَانِ وَالإِسْلَامِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ حَيْرِ الْأَنَامِ، وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ الْكَرَامُ. أَشْهُدُ أَنَّ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الْعَالَمُ، وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمَبْعُوثُ رَحْمَةً لِلْعَالَمِينَ. اللّٰهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ

Puji syukur mugi tansah konjuk wonten ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan iman lan Islam. Shalawat saha salam mugi tansah katetepna dhumateng junjungan kita Nabi Agung Muhammad SAW, keluarga, saha sahabatipun ingkang minulya.

أَوْصِينُكُمْ وَتَفْسِيْنِ بِتَقْوِيْرِ اللّٰهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُنْقَوِّنَ. قَالَ اللّٰهُ تَعَالٰى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْتُنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Kula wasiat dhumateng pribadi kula piyambak lan dhumateng para jamaah sedaya, mangga kita sami ningkataken taqwa dhumateng Allah SWT kanthi nindakaken sedaya dhawuhipun lan nebihi sedaya awisanipun. Allah SWT ngendika ing Al-Qur'an Surat Ali Imran ayat 102: "He para wong kang iman, sira padha wedia ing Allah kelawan sajatining wedi, lan aja pisan-pisan sira mati kajaba ing kahanan Islam."

Para jamaah Jum'ah ingkang dirahmati Allah

Wonten kesempatan punika kawula ngemutaken dumateng kawula piyambak, lan mugi saged ngemutaken dumateng jamaah sedaya babagan wigatosipun 'pusaka'. Pusaka ingkang paling utami sanes namung akik utawi keris, nanging 'Maha Pusaka inggih punika Allah Subhanahu Wa Ta'alaa, lajeng Kanjeng Nabi Muhammad SAW'. Utawa menawi firman lan sabdanipun saged dipirsani, dipahami wonten mushaf al-Qur'an, dan Hadist. Kesadaran babagan pusaka menika kedah kita bangun malih, amargi tiyang modern asring kesupen kaliyan babagan rohani lan perlambang.

Kita gesang ing zaman ingkang kathah tantangan. Kados ingkang dipun aturaken, kita ngalami 'penjajahan' ingkang wujudipun maneka warni, wiwit saking penjajahan militer, nilai, ilmu, budaya, pasar bebas, carane mikir, ngantos dumugi 'penjajahan regulasi'. Penjajahan regulasi menika caranipun maling sanes nyolong arta, nanging ngewahi aturan supados ingkang kedahipun dados hak kita malah ical kanthi 'sah' miturut aturan supados ingkang sampun dipun rekayasa.

Cara mikir kita dipun rubah, SDM kita ingkang unggul saged dipun 'bunuh' utawi dipun 'rampok' lumantar regulasi ingkang nguntungaken pihak sanes. Kados riyen pas zaman penjajahan, amargi Londo Kafir kalah perang kalian Pangeran Diponegoro, sehingga kanggo nyingkiri karuwetan lan kerugian ngantos jutaan gulden, londo ngowahi taktik peperangan kelawan mupus derajate para tokoh, ulama, kiai, pahlawan, kelawan usaha punapa mawon ingkang ngrusak, antawisipun kelawan damel karya-karya fitnah, kados serat cbolek.

Para jamaah Jum'ah ingkang dirahmati Allah

Akhir-akhir niki katah wacana, kampanye saking warga negari Indonesia ingkang nganjurake Kabur aja Dulu artine warga Nagara krasa ora betah wonten bumi pertiwi amargi sagunging kahanan termasuk regulasi ingkang condong kangge kepentingan pihak-pihak tertentu mboten ngayomi dateng rakyatipun.

Kenyataan punika kagem piwulang kita sedaya, lumantar saking surita tuladha (ibrah) dateng perjuangan kepahlawanan Syaikh Ahmad Rifa'i. Piyambakipun sampun sekeco tumekaning tlatah haramain (Makkah – Madinah), ananging Mbah Rifa'i ten haramain mboten keranten semangat kabur aja dulu Piyambake ngudi kaweruh kanggo kamanfaatan lan penyadaran dateng rakyat Jawi bab wigatosipun kamardikan, Wigatosipun ibadah ingkang sajalan kaliyan syari'at Allah ingkang dipun dhawuhake.

Wonten kitab Syarikhul Iman Mbah Rifa'i ngendika:

\*“Alim shalih milih angger merdika”\*

Mbah Rifa'i piyambakipun boten kendhat semangatipun ngadhepi tantangan, sanajan kathah pawongan ingkang milih ngaduh saking perjuangan, kados kahanan generasi sakpunika ingkang patah semangat kelawan pralambang tagar kabur aja dulu.

Piyambakipun milih ngadhepi kahanan kanthi temen, sanadyan rekasa lan abot, boten dados alangan, awit samukawis punika kalebet kersaning Allah Ta'ala. Susah, seneng, lan cobaan punika bagianing urip manungsa. Kita sedaya kedah tansah ngupadi perjuangan kanthi ikhtiar lan sabar. Nalika mangsa rendheng, tetep berjuang, nandur kesadaran kagem masyarakat kanthi ilmu. Amargi ingkang kedah dipun tandur punika ingkang dados kabecikaning gesang manungsa.

Pramila, penting sanget kangge kita njagi jati diri. Menawi kita tiyang Jawi, nggih dadosa tiyang Jawi ingkang sae. Menawi kita tiyang Indonesia Rifaiyah, nggih dadosa tiyang Indonesia Rifaiyah ingkang sae, ingkang tawakkal, ikhtiar, lan sabar.

Kangge ngreksa jati diri lan pusaka, kita sedaya kedah ngiyataken gangsal pilar, inggih punika: 1) Rakyat, 2) Tentara utawi Aparat, 3) Kaum Pujangga/Intelektual, 4) Adat Budaya Karaton saha kabudayan ingkang tansah mekar, lan 5) Agami saha spiritualitas. Gangsal pilar punika kedah tansah linambaran kaimbangan.

Wonten ing Rifa'iyah, kabudayan ingkang medal saking ajaran agami kedah dipun uri-uri lan dipun lestantunaken lumantar ikhtiar sesarengan. Kados ta: pengajian, tahlilan, yasinan, barzanjian, gotong royong, silaturahmi, ziarah, kabalan, tirakat adat, genjringan, terbangan, muludan, rajaban, khaul, pondok pesantren, madrasah, lan majlis ta'lim.

Sedaya punika wigati kangge nglestantunani lan ngreksa pusakaning nilai al-Qur'an lan Hadits ingkang dados pancinger urip lan kabudayaning manungsa.

Kangge jagi punika sedaya, menungsa kedah gadah sifat ksatria. Ksatria menika tiyang ingkang tanggan jawab, wantun ngadhepi masalah, sanes kados tiyang ingkang 'lempar batu sembunyi tangan'. Teknologi informasi (IT) saged ngirangi tatap muka, nanging jiwa ksatria kedah tetep wonten. Ampun ngantos kita dados bangsa ingkang kados sapi, 'diperbudak, dikelui, dicocok irunge, dieret gerobak'. Kita sedaya kedah kados semut ireng, ingkang boten saged dipun jajah dening sinten kemawon. Sanajan alit, nanging rukun lan kekiyatanipun saged njalari boten nate punah. Satria nalika ngadhepi punapa kemawon, punika dados wujudipun ketakwaan kita sedaya dhumateng Allah Ta'ala.

Allah SWT ngendika ing QS. Al-Hujurat ayat 13

يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّا خَلَقْنَاكُم مِّنْ ذَكَرٍ وَأُنثَىٰ وَجَعَلْنَاكُمْ شُعُوبًاٰ وَقَبَائِلَ لِتَعَارُفُواٰ إِنَّ أَكْرَمُكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَنْفَاكُمْ إِنَّ اللَّهَ عَلَيْمٌ حَسِيرٌ

"He para manungsa, saktemene Ingsun (Allah) nitahake sira kabeh saka lanang lan wadon, lan Ingsun ndadekake sira kabeh bangsa-bangsa lan suku-suku supaya sira padha kenal-minangenal. Saktemene wong kang paling mulya ing antarane sira kabeh ing ngarsane Allah yaiku wong kang paling taqwa. Saktemene Allah Maha Ngudaneni lan Maha Waspada."

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَعَمِنِي وَلَيْلَكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِيْ  
وَلَكُمْ وَلَسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

## Khutbah Akhir

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمْرَأَ أَشْهَدَ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، إِنْ غَامِلَنَا لِمَنْ جَحَدَ بِهِ وَكَفَرَ، وَأَشْهَدَ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ سَيِّدَ الْخَلَقِ وَالْبَشَرِ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِهِ وَصَاحْبِهِ مَا اتَّصَلَتْ عَيْنُ بَنَطَرٍ وَأَدَنْ بَخَرٍ أَلِيَّاً الْمُسْلِمُونَ، عِبَادَ اللَّهِ، فِي هَذَا الزَّمَنِ الَّذِي كَثُرَتْ فِيهِ الْفَنَّ وَالْبَرَاغَثُ، خَاصَّةً عَيْرَ وَسَائِلِ التَّوَاصُلِ الْإِجْتِمَاعِيِّ، عَلَيْنَا أَنْ تَنَاهَى الْقِيمَ الْتَّبِيِّلَةُ كَالْفَوْزِ دُونَ إِدْلَالٍ الْأَخْرَيْنَ، وَلْتَكُنْ بِلَدَنَا، مَكَانًا لِلسَّكِينَةِ وَالْطَّمَاهِنَةِ، خَالِيًّا مِنَ الْبَعْضَاءِ وَالْكَرَاهِيَّةِ، عَلَيْنَا أَنْ تَنْتَهَى عَلَى التَّعَامِلِ مَعَ الْجَمِيعِ، وَلَكُنْ لَنَكُنْ فَيَلْتَئِمُ إِبْدَاعُنَا الْخَاصُّ، يُمْكِنُنَا أَنْ تَسْتَقِي الْعِلْمُ مِنْ كُلِّ مَكَانٍ، وَلَكُنْ لِتَنْمِيَةِ هُوَيَّتِنَا الْجَاوِيَّةِ وَالْإِنْدُونِيَّسِيَّةِ

وَنَنَذَّكُرُ أَيْضًا مَفْهُومَ بُلْدَةَ طَبِيَّةٍ وَرَبُّ عَفْوٍ، فَالْمِعيَارُ الْأَسَاسِيُّ لَيْسَ مُجَرَّدَ الرَّحَاءِ الْمَادِيِّ، بَلْ الطَّبِيَّةُ أَوِ الْخَيْرُ، سَوَاءً كُنَّا أَغْنِيَاءَ أَمْ فُقَرَاءَ، فَالْمُهُمُّ أَنْ نَكُونَ طَبِيَّينَ، وَالْأَهُمُّ مِنْ ذَلِكَ هُوَ رَبُّ عَفْوٍ، اللَّهُ الَّذِي يَعْفُرُ الدُّنُوبَ، فَإِنَّ حُسْنَ الظُّنُونِ بِاللَّهِ أَمْرٌ بَالْعُ  
الْأَهْمَىَّةِ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى قُلْ يَعْبُدُوا إِلَيْنَا أَسْرَفُوا عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ لَا تَنْقُطُوا مِنْ رَحْمَةِ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَعْفُرُ الدُّنُوبَ جَمِيعًا إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ، وَقَدْ قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: الْمُؤْمِنُ الْقَوِيُّ خَيْرٌ وَأَحَبُّ إِلَى اللَّهِ مِنَ الْمُؤْمِنِ الضَّعِيفِ وَفِي كُلِّ خَيْرٍ

سَأَلَ اللَّهُ تَعَالَى أَنْ يَجْعَلَنَا أَفْرَادًا أَفْوَيَاءَ الْإِيمَانِ، رَاسِخِي الْهُوَيَّةِ، مُحَافِظِيْنَ عَلَى التَّرَاثِ الْعَرِيقِ الَّذِي وَرَثَنَا عَنْ أَسْلَافِنَا، وَكَمَا  
نَدْعُونَ فِي كُلِّ يَوْمٍ اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ، تَرْجُو أَنْ يَهْدِيَنَا اللَّهُ دَائِمًا إِلَى الْطَّرِيقِ الْقَوِيِّ، وَيَذْكُرَ يَا هَادِي، يَا مُبِينُ، تَسْأَلُهُ أَنْ يُبَيِّنَ  
لَنَا كُلَّ مَا هُوَ غَامِضٌ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءَ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ فَرِيبٌ مُحِبُّ الدَّعَوَاتِ، رَبَّنَا لَا تُزِعْ  
فُلُونَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَابُ، اللَّهُمَّ أَرْنَا الْحَقَّ حَقًّا وَأَرْزُقْنَا ابْتِاعَهُ، وَأَرْنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَأَرْزُقْنَا  
اجْتِنَابَهُ، اللَّهُمَّ اجْعُلْ بِلَدَنَا إِنْدُونِيَّسِيَا أَمَنَةً مُطْمَئِنَّةً رَحَاءً وَسَائِرَ بِلَادَ الْمُسْلِمِينَ، وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِهِ وَصَاحْبِهِ  
وَسَلَّمَ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَإِلَحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعْظُمُ لَعْكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ  
الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَاسْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزْدُكُمْ وَلَدُكُرُ اللَّهُ أَكْبَرُ

---

Penulis: Ahmad Saifullah

Editor: Yusril Mahendra

Sumber: <https://rifaiyah.or.id/khutbah-jumat-njagi-jati-diri-lan-pusaka-luhur-ing-zaman-modern/>